

**КАЦАЕВ Сайд-Хьасан**

Йоккхахйолчу йишин йоI, Малика, еара со волчу, «Нохчийн халкъан барта кхолларалла» экзаменна кечам бан. Жима волуш дуьйна фольклор дукхаезаш волу, хIора хаттар ша-ша а доккхуш, жоьпаш делира ас цунна. ТIаккха ойла йира: «И дерриг а дIаяздича-м, учебник хир ма яра. Вайн Iилманчаш соьга хьоьжуш-м бац-те?» – аьлла.

Тамашийна хIума ду хьуна, ойла йича, оьрсийн маттахь книгаш йоьшуш, нохчийн маттахь экзаменаш яла дезар.

Юьртарчу интернатехь хьехархо волу со ву-те и язъян дезаш верг а? Цхьанххьа а балха а ца эцна, ца кхечира со кхуза? Нуц директор хилар бахьанехь. Вуьшта-м, хIинца а волавелла лелаш хир вара. Маьрша яздархо…

– Туьйранаш, дийцарш, забарш, назманаш а ян еза аьлла тхоьга.

– Аьхка фольклоран практика хила езаш а ма ю шун?

– Экзаменехь, шиннах цхьа хаттар бен дуьйцуьйтур дац аьлла. Язйина дагIахь.

– Цунна, шуна а гIуллакх ду-кх и.

– Дуьйций ахь?

– Яздича, мегар дац?

– Баккъал а, дика хир дара.

– Мила ву шун хьехархо?

– Мунаев.

– ИсмаIаллий?

– ХIаъ.

– ШаIрани отпускехь ву?

– СхьавагIахьара и. Массара а и дика хир ву, боху.

– Цо вела а воьлуш, шианнаш дохку хьуна.

– ХIунда?

– Ша догъIаьржа воцу дела.

– Ва-а, Дела! Оха хIун дан деза?

– Iамо еза-кх, – элира ас.

И дехьа чуяхча, яздан охьахиира со.

Шех «Эла Закри» олуш хилла, кура Закри вара суна дагахь верг. Iумар Ахмадовн «Забаре дийцарш, шира хабарш а» (Соьлжа-гIала – 1982) цIе йолчу книги тIехь ду цунах лаьцна кхо дийцар: «Эла Закри» (дечиг дан вахарх лаьцна), «Шуьнахь» (галнаш яар), «Тамашена валар» (езаеллачу йоIана тIехула кхалхар). Оцу кхаа дийцарехь а башхаллаш ю тхойшиннан. И, цо ша ма-аллара, «халкъан фантази шуьйра, кIорга а хилар» ду. Варианташ кхоллаяларан бахьана кхин а, и дийцарш хIинццалц дIаяздина цахилар ду. Наха вовшашна дуьйцуш, шега-шегара тодеш, шена дицделларг хийца а хуьйцуш, хIума до.

Мила ву, мичхьа вина-ваьхна Закри?

Цхьаболчара Эвтарара ву, боху, иза. Тайпана «чарто» ву, олуш а хезна суна. Герггара и ваьхна хан, хетарехь, XIX бIешеран 2-гIа, XX бIешеран 1-ра а дакъош ду.

Делахь а коьртаниг и дац.

Тайп-тайпанчу хенашкахь, профессоран В. Виноградовн цхьамогIа статьяш йийлира тхан районни газетехь. Цкъа Таймин Бийболат Майртуьпара ву, аьлла яздира цо. Юха – Шелара ву аьлла. (Нехан дегазлонаш хила ца еза оцу тIехула?) Дукха хан йоццуш «Коммунизман байракх» газето зорбатуьйхира оццу авторан рогIера статья. ДIаладоьгIча, дуккха а нах хилла-кх Таймин Бийболат шайн-шайн лоруш.

– Мичара ву-те и ван мукъане а? – бохура Виноградовс эххар а.

Цундела, юха а ала догIуш, хета суна: коьртаниг – иза я важа турпалхо маца вина, мичахь ваьхна бохург дац (хиъча дика-м ду и), соьга хаьттича, муха стаг хилла иза – и ду коьртаниг. Уьш къонахий ца хиллехьара, ма къуьйсур дацара цхьаммо а, уьш шайн-шайн бу бохуш. ДогъIаьржа, сонта, ямарт, ледара нах цхьанне ца оьшу. Шелахошна, майртуьпхошна я куршлошна а. Эццахь дагадеара суна: «Цхьа б1е шо даьлча, кхарах цхьамма пайдаэца а там бара бохуш, архивехь дойтийла кхоам бац кхеран? Да билгалвоккхуш, шен хеннахь дIа ца яздинчу хIуманах туьйра хуьлу. Хилла бах, бохуш, цхьа Молла Несарт. Хьала-охьа а яздеш хилча, суна хIун хала ду, зорба а тоьхна, хIорш нахана довзийта?»

Сан йишин йоIана санна, кхечунна а хьашт хила там бу-кх хIорш. Кхечарна дийца, хьахо а хир. Хьанна хаьа, хIинца а гергара нах хила а мегий Закрин-м.

Иштта кхолладелира шийтта дийцар, «Хьалхара дош», «Дерзор» а.

## Дечке вахар



Амал-гӀад дайина хилла Закрис шен ден, хӀуъа деш хиларх, хаьнтӀера куьг ца доккхуш. Куралла.

Цхьа а тешаш ца хилла Закрих. АтталгӀа, да а.

Цкъа дечке вахийтина цо кӀант. Зен дагахь.

Закри, резавоцуш (болх байтар шен сийцадар лоруш), делахь а, дена дуьхьал дош ца далош, хаьнтӀера куьг а ца доккхуш, говр а йоьжна, хьуьнах вахана.

Да, къайллах, кӀантана ца хоуьйтуш, тӀаьхьавахана цунна, иза цхьа а воцчохь муха лела хьажа. Нагахь санна цо лелораш моттаргӀанаш елахь, ша волчохь гучувер ву иза. Амма дӀакхаьчча, Закри гина кхунна: цхьана куьйга диг тухий-тухий, дечиг доккхуш, юха, хаьнтӀера куьг ца доккхуш, дечиг вордана тӀе текхош воллуш.

ХӀетахь, Закрига кхин хӀумма а ца олуш, цӀа веанчу дас, цул тӀаьхьа шена луъург дан Ӏадвитина и, балхана тӀе а ца теӀош:

– Дала диначунна дан хӀума дац, – аьлла.

**Оьзда хилар**

Лекха дегI хилла Закрин. Юткъа гIодаюкъ, даккхий мекхаш. Юучунна т1ехь оьзда. Мел дика даар хиларх а, шозза-кхузза бен ца кхоллуш. ХьошалгIахь, хIусамдена хала ца хетийта, юккъехула ахдоккхий, хIоан буьйр дууш хилла.

Синкъерам, ловзар мел дахдаларх, дIадоххалц, ша хиъна Iачура хьалагIоттуш а ца хилла, гIиллакхе, товш ца хеташ, ша дIанехьа ваьлча, царна цхьаъ дагадарна кхоьруш. АтталгIа, гола тIера ког хуьйцуш а ца хилла цо. (Цундела хир ву-кх халкъо и лоруш а. Атта дац-кхи, цхьа некъ схьалаьцча, и дIаккхехьа, цхьанне а ала хIума ца дуьтуш. ХIинца-м цо лелийна хIумнаш вайн заманхошна сонта хетар дара. Хьаъа лелийча а. Оццул хийцало-кх заманца гIиллакх-гIуллакх а, халкъан кхетам а.) ХIетте а бовлуш хилла цатешарш а:

«Кхин хIума ца юуш муха Iало стаг? Адам дац иза а?» – бохуш.

Царах цхьаъ Закрин лулара зуда яра.

Шен цхьа гIуллакх долчуха, Закри схьа а кхайкхина («Хала ду зудчунна цIен тIехь хIусамда ца хилча»), юха, хIума ца юуш вохуьйтур вац аьлла, чувигна.

Довха, хIинцца дина чIепалгаш (цхьаболчара жижиг-галнаш олу) хьалха а дехкина, араяьлла:

– Хьайна эвххьаза хIума кхалла, чохь кхин цхьа а вац. Со, хьенех йолчу а яхана, схьайогIу, – аьлла.

Ша йоьду а моттийтина, корехула чухьежа хIоьттина.

Закрис, меллаша чIепалган цхьа дакъа (я гала) схьа а эцна, кхаьллина. Жимма ойла а йина – шолгIаниг а.

ЧIогIа чомехь кечбина кхача хилла.

КхоалгIачунна тIе а куьг даьхьна Закрис...

Йоккхаеш Iаш лулахо а хилла.

Шун дIа а тоттуш:

– Ма эхь ца хеташ ду хьо, гай. Хьайна кхаллийча, кхин а езар-кха хьуна, – аьлла Закрис.

Цигара схьа ду нохчийн кица: «Къонах ша волчохь а, наха юкъахь санна, оьзда хила веза юучунна т1ехь».

**Къонах**

Буса а, паргIатваьлла, вуьжуш ца хилла Закри. АгIор волуш хилла.

– ГIодаюкъ яьстина, тIера бедар яьккхина, хIунда ца вуьжу хьо? – хаьттича:

– Хан яьллачу хенахь, «Орца дала!» – аьлла, мохь тоьхча, т1еюхург лоьхуш товр дац къонахчо, – аьлла цо.

## Шекаран бIелиг



Шекаран бIелиг чайна чу а Iуттий, схьабоккхуш хилла Закрис:

– Марзалла дIаяьлла хьоьх, – олий.

## ЖIаьлин гIиллакх

– Кураллах вохор ма ву вай и! – аьлла, барт хилла Закрин накъостийн. (Цхьаболчара гӀумкийн элий а олу.)

Цхьаьний сакъоьруш Ӏийна, дӀасабоьлхуш, тӀай тӀе кхаьчначу хенахь, д1адихкина латтош долу жӀаьла тӀаьхьа хецна Закрина. Накъост а хилла Закрица, жимма хьалха а ваьлла воьдуш. Дарделла жӀаьла Закрин настарех кадетта доьлла.

Воха ца вухуш, жӀаьла къахка а ца деш, схьавогӀуш хилла Закри.

– Ва, Закри, – аьлла накъоста, – д1аэккхаде и жӀаьла, доккха хӀума ма ду цо хьуна тӀехь дийриг!

– Цо лелориг шен жӀаьлин гӀиллакх ду, – аьлла Закрис. – Цунах тарлойла дац сан.

Дан хӀума а ца хилла («воьйтийла-х даций»), жӀаьла дӀадаккха дезна вукхуьнан.

**Герз лелор**



– Закри, тапча хӀунда лелайо ахь? Девнехь лара ца варна кхоьру хьо? – хьаьттина цуьнга.

– Нуьцкъала зуда ядийначохь, тӀаьхьа кхуьур вац аьлла хетча, кхосса, – жоп делла Закрис.

(И дийцар Теркйистерчу Дени шайхан цӀарца доьзна а хезна суна. «Суьпачу стага хӀун до герзах?» – бохучу маьӀнехь.)

**Дин**

ЧӀогӀа дика дин хилла Закрин, дукха хьоме лелош.

ГӀумкийн элаша, и зен санна:

– Оцу хьан динах дийнна рема ло хьуна, – аьлла.

– Со бежӀу вац, – аьлла Закрис.

**Цавохар**

Цкъа хIара гIумкийн элий болчохь сакъоьруш Iаш, цхьамма чу а ваьлла:

– Леш боллуш хьешан дин бу-кха цу арахь, – аьлла.

Массо а кхуьнга хьаьжна. Оццул шена дукха езаш йолу говр леш ю аьлча, ца вухуш:

– Дин аьлча-м, хазахетар дара цунна, цхьа вир-м дара сан цу арахь дIатесна, – аьлла Закрис.

**Элан йоI**

Цкъа хIорш сакъоьруш Iаш, элан йоI чуяьлча, массо а хьалагIаьттина. Закри ша Iачура меттах ца хьайна.

Массо а доьналла долчу стеган мостагIий, и цавезарш, цуьнца хьагI лелораш а хуьлу. Ишттачех цхьамма бехк а боккхуш, Закрига:

– Массо эла а хьалагIаьттича, эла а воцу, хьо хIунда ца гIотту хьала? Элан йоI ма ю

чуяьлларг! И цаларар ду хьан иза?

– Ши пхьид вовшахкхет-кхеттачу Іомана гонаха бу шун лай а, элий а, – аьлла Закрис. – Нохчийн лай бан а бац. Массо а эла ву. ЙоьІан сий Дала дойла!

**Комаьршалла**

Хьайба дайна, йоьхна хьийзаш йолчу йисина Іачу зудчунна, шен божли чуьра ара а баьккхина, цхьаъ бен боцу етт белла Закрис.

(Мила ву комаьрша: дуккха а долчунна тІера кІеззиг луш верг, я кІеззиг долчунна тІера дуккха а луш верг? – боху маьІна ду цу дийцарехь.)

**Эла Закри**

И дерриг а гуш, девзаш а болчу нахана юкъахь:

– Кура Закри.

– Эла Закри, – аьлла, цӀе яхана цуьнан.

Цкъа хабар деана Закрина:

– Хьо волчу хьошалгӀа гӀумкийн элий богӀу, – аьлла.

ГӀайгӀане воьжна Закри.

Даго ма-бохху, хьеший тӀеэца аьтто ца хилла Закрин.

– ХӀун хилла хьуна? Ма ойланашка вахана хьо? – хаьттина цуьнга доттагӀчо.

(Иза Ӏовдин Ӏела хилла бохуш  а, дуьйцу наха. Иза нийса делахь, цо а гойту, Закри эвтархо хилар.)

– Ма юьхьӀаьржахӀутту-кх со, – аьлла Закрис. – Сан дог Ӏийжориг, цара со санна, хьеший тӀеэца йиш цахилар ду.

– И бен дацахь, и-м доккха хӀума дац. Кхин боккха бала ма богӀийла вайга! – аьлла доттагӀчо.

ЧӀогӀа вехаш Ӏаш стаг хилла Закрин доттагӀ. Даккхий цӀенош а долуш. Цо хӀун дина? Уггар хьалха шен доьзале хӀусамаш паргӀат йитийтина, зударий берашца шайн-шайн цӀа а хьовсош. Хьеший дӀабаххалц. ТӀаккха керт къагийна, уьйтӀа а цхьаьна кузаш туьйсуш.

Яккхий еха стоьлаш хIиттийна. Шортта даа-мала а кечдина. БогIу хьеший ша волчу бигина. Закрин хIусамаш хIорш ю аьлла.

Кхаа дийнахь, кхаа бусий Iийна уьш сакъоьруш. ДIабахча, аьлла боху цара:

– Хила а хилла и Закри эла.

**Кхалхар**

Закрин кхалхар масех тайпана дуьйцу наха.

Хьалхарниг. Масийттазза, ларамаза, хезна цунна зударша:

– Тохарлерниг вац Закри а, – олуш.

Некъа вогIуш волу Закри, ког тасабелла, охьаккхетта. ТIехйолучу йоIа:

– Воккхастаг, лазий-кха хьо! – аьлла.

– Охьаккхетарх-м ца лазийра со, ахь аьллачо лазий-кха, – жоп делла Закрис.

Цунах дагана чов хилла, ша хIинццалц динарг ца дайа, шен цIе ца йожо а, – ша-шена тапча тоьхна, боху цо:

– Ша бохучунна т1ерадаьлча, дита деза хIара дуьне, – аьлла.

Шолаг1ниг. Зуда ялоза хилла Закри.

Цхьа йоI езаелла Закрина.

ДIайоьдучу хенан кхоам хеттехь а – цкъа а ша къанлур вац моьттина волу – я хIинццалц ша бохург ца карош леллехь а.

– Соьга йогIур ярий-те и? – хьаьттина Закрис.

– Нах богIуш йогIур ю со, – аьлла йоIа.

И ца лайначу Закрис, цIа а вахана, Iожалла тIеэцна, боху.

Кхоалг1аниг. Цхьаболчара дийцарехь, гIумкийн элаша хецна цунна тIаьхьа жIаьлеш. Цара йиначу чевнех дIовш а даьржина Закрина. Ша дан хIума доцчу а ваьлла, лазарша хьийзо ваьккхича, коган пIелгах тапча тухуш:

– ЭхI, ма кIилло хилла хьо! – олуш хилла Закрис.

## Дерзор

Курачу Закрих къамел дерзош, ала лаьа, со кIеззиг а шек вац, Закрин васт халкъо шеггара кхоьллина дац бохучух. Ницкъ буй ткъа адаман иштта лела?

Кхин масалш далор ас.

Тхан ненан деда, Хьаьжин ЦIа ваханчохь д1акхелхина, цигахь дIавоьллинчу Шелара Эпендин кIант, Муслим, молла а, лор а хилла. И дагавогIучара дийцарехь, хIора дийнахь марханаш кхабарна, чож букъах летта хилла цуьнан. Доьхка лацийта, жима гIайба лелош хилла, боху, цо, гIодаюккъе буьллуш.

Куршлойн-эвлахь зиярт а долуш волчу ЙогIалби-Хьаьжас, Майртуьпарчу Чиммирзас а, халбатахь, дуккха а хан яьккхина. Далла гIуллакх деш, буйнахь Iоьвдича, пIелгашна юккъехула араболу ахьаран мижарг бен, кхин юуш хIума а йоцуш.

Баин Шемала дуьйцура:

– ЦIера даьхначу хенахь жима вара со. Кхойтта-дейтта шо хир долуш. Къена-къона, жима-воккха, зудий-борша стаг ца бохуш, берриш а шалон чохь бара. Шина кIиранах некъ бира оха. Соьцуш, кхечарна некъ буьтуш. И ерриг а хан тхан дас, Баис, ша волчуьра кхин хьала ца гIоттуш, юучух бат ца тухуш, яьккхира. ХIинца кхета со, цо и хIунда ца юуш хилла... Наггахь шалон сецча а, гIуллакх дерг а дIанехьа ца волуьйтура. Ваьлча, тухий воьра. Вийнарг дIаволлалц мича дуьтура! Дикка тIе ло хьакха кхиале, шалон дIайолалора. ТIаьхьависинчунна а тоьпаш тухура. Хийла йоIстаг, жима зуда а елла, ахкаргаш лилхина... ХIинца хаьа суна, Баи стенна 1ийна, хIума ца юуш.

Шемалан кIанта Iусмана олуш хезна суна:

– Тхан деда базарара дин эцна вогIуш, цхьана накъоста: «Да виса-кх хьан. Сан-м хир бац цкъа а хIара санна дин», – аьлча, Баис, охьа а воьссина, совгIатана, шен дин дIабелла оцу стагана.

Массо къаьмнийн историехь а цхьа мур бу, цхьана хенахь шайна даккхий, деза хеташ хилла хIумнаш беламе дохуш. И хир ду-кх, хетарехь, лахахь дало дийцар кхолладаларан бахьана а.

Iаьнан шийлачу дийнахь цхьалха, беркъачу духарца, эга а веш лаьттачу цхьаьнга:

– И тапча хIунда лелайо ахь? – хаьттина.

– Деэшначохь кхосса, – аьлла цо.

– Кхин де доьхна хан хьуна йогIур яц, дIаккхосса ахь и! – аьлла цуьнга. («ДIаккхосса ахь и», бохург, шина маьIнехь ду.)

«Адам, дела а доьлуш, къаьста шен хиллачуьнца», – аьлла Маркса.

Тхан эвлахь а ву цхьаъ, наха Кура Закри олуш.

ДегIана жима велахь а, дог доккха долуш къонах ву иза. Цуьнга аьлла хилла цхьамма, дар-дацар хилча:

– Ас хьоьшур ву хьо, – аьлла.

– Когара мачаш дIаяхалахь, – аьлла Закрис.

Суна дуьххьара эла Закри вийцинарш сан накъостий бу: Нойбоьрара Абдулмежидов Асланбек, Гезлойн-эвлара Абдулкадыров Лема, Хосин-эвлара Альгириев ХIараван а.

Тезетахь нах лахбелча, цхьацца дуьйцуш Iедал ду-кх вайнехан, адамаш т1едахккалц. Адамаша шайна дайнарг, лайнарг а, Сибрех дигар, белхаш бар, Iазап хьегар дуьйцуш. Мел хала хиллехь а, хIораммо а безамца дагалоьцу шен жималла.

Ишттачу дийнахь Закриев Хьамзата дуьйцуш хезна суна:

– Эвтархоша дакъош доькъучу хенахь, Закрис Хулочоь схьаэцна хилла, боху. Беш лело зуда а яц шен, хIара тIулгаш мегар ду шена аьлла. Наха, бела а боьлуш, елла, боху, цунна Хулочоь. Кхано, нах паргIат а бевлла, гIишлош ян буьйлабелча, тIулг лахьо дезна Хулочуьра. ТIаккха, хьалха шех бийлинчу нахера ял а йоккхуш, дика таро а йолуш охьахиъна, бохура, Закри...

Абдулмежидов Асланбека элира цкъа: «Ванах, ша наха оццул вуьйцур вуйла хууш хиллий-те цунна?»

Хилла, аьлла хета, суна.

Цхьа а похIма доцчу нахана санна, поэташна, философашна, къонахашна а доккха хIума ца хета хIара дуьне, дуьненан хьал-бахам, цуьнца боьзна кхиам, ша дахар я Iожалла а. Бакъволу поэт, философ, къонах паргIат ву шен заманхойн массо а харцмоттаргIанех. Нахана гIело ечу, инкарлонаш лелочу, адамашна юкъа гамо юллучу а Iедална реза ца

хуьлу иза. Бакъдерг дезаро, лехаро а кӀел ца соцуьйту цхьана а кепара зуламна, къизаллина а. Кхин хӀун бахьана ду Сократа дӀовш малар а? ХӀора стага ша йоккхуьйту шен цӀе. Замано зийча гучудолу, цу стеган цӀийца хилла цо лелийнарг я тардар, моттаргӀанаш. Ша поэт хиллехь: «Ас хӀоллам боьгӀна сайна, куьйга кхоьллина боцу! – эр дара Кура Закрис а.

Сийсара, со кху дийцаршна зорбатухуш волуш, тхан ден доттагӀ, Мусаев Дукка, веара тхоьга, цомгуш волчу тхан дена Еса деша. И шиъ чай молуш Ӏаш, чувахара со. Цхьацца хьехош:

– Дукка, Кура Закри вуьйцуш хезний хьуна? – хьаьттира ас.

– ОйхӀ, муха ца хезна?! Тхан ненан шича ма вара иза, – элира цо.

– Цунах лаций хьайна хуург дийцахьа, – дийхира ас.

Цо вийцарехь,  доккха дегӀ долуш, даккхий мекхаш долуш стаг хилла Закри. Аьхка а тӀехь верта леладора цо, бохуш, дуьйцура. ХьошалгӀа веача, чайнах ши-кхо къурд бар доцург, хӀумма а ца кхоллуш, вара, бохуш, дуьйцура.

Кхин керла хӀумма а ца хиира суна.

– Со жима вара хӀетахь, – элира Дуккас.

– Нана стенгара яра шун, Дукка?

– Эвтарара.

«Ирс яI хьан, Закри, ма хьайн хеннахь кхелхина-кх хьо!  Ма къа дар-кха хьан, тахана, хIокху декъазчу дуьненахь вехаш велахьара».

*1989*